



PREPARE w pou SIKLÒN

Siklòn yo mete lavi , kay ak tout kominote yo an danje. Jwenn enfòmasyon sou fason pou pwoteje tèt ou, moun ou renmen yo ak byen ou.



Èske w te konnen...


Siklòn Kategori-3 ki te rele Carol, epi ki te gen van 135 kilomèt alè, te lakòz 68 lanmò ak \$461 milyon dola domaj an 1954.*



1954 Hurricane Carol

Oseyan yo ap chofe.

Yo prevwa siklòn yo, sitou gwo siklòn yo, pral rive pi souvan. Gwo siklòn nan Oseyan Atlantik la double depi 1980.**



Sezon siklòn la soti nan mwa Jen pou rive Novanm

Tanpèt twopikal (van ki pi plis pase 39 kilomèt alè) ak siklòn (van ki pi plis pase 74 mph) yo danjere epi yo ka lakòz gwo domaj akòz plizyè risk tanpèt tankou:



Gwo lapli



Onn tanpèt ak vag k ap tounen

6" gwo mouvman dlo ki ka lage w atè



Gwo van ak tònad



Inondasyon kot ak pa anndan

1'

mouvman dlo ki ka pouse machin ou

(Anwo) Dega vag tanpèt apre siklòn Carol. Foto koutwazi New England Weather Net.

* NOAA National Hurricane Center ** Fon Defans Anviwònman, 'Ki jan chanjman klimatik la fè siklòn yo vin pi destriktif

ANVAN YON SIKLÒN

☐ Vizite Boston.gov/ijans pou:

- Enskri pou alèt ijans.
- Kreye yon twous ijans.
- Fè yon plan ijans.
- Idantifye si oumenm oswa yon moun lakay ou ka bezwen èd anplis. Pou jwenn konsèy, vizite www.ready.gov/disability
- Konnen si w ap viv oswa travay nan yon zòn evakyasyon.
- Jwennabri ijans yo.

☐ Prepare w pou pa gen kouran, dlo, gaz ak entènèt.

- Asire w aparèy elektwonik yo chaje.
- Fè rezèv dlo disponib.

☐ Ranfòse kay ou

- Netwaye drenaj ak goutyè yo.
- Mete atik ki deyò yo andedan kay la.
- Sele fenèt yo ak pòt yo pou dlo pa rantre.

PANDAN YON SIKLÒN

☐ Evakye si ofisyèl yo rekòmande l.

☐ Chècheabri


- Rete lwen fenèt ak pòt.
- Ale nan etaj ki pi wo a si inondasyon an bloke w.

☐ Siveye previzyon yo epi suiv alèt ijans yo.

☐ Pa mache, naje, ak kondui nan dlo inondasyon an.

Konnen risk ou yo

Ale sou coast.noaa.gov/hurricanes to v pou wè anyen siklòn ki te frape Boston



Siveye ak Avètisman

SIVEYE



Prepare! Siklòn oswa tanpèt twopikal ki posib nan pwochen 48 èdtan yo.

AVÈTISMAN



Poze aksyon! Nan pwochen 24 èdtan k ap vini yo, yo prevwa van kontinyèl k ap pi plis pase 74 kilomèt alè pou yon siklòn oswa > 39 kilomèt alè. Epi, yo prevwa yon tanpèt twopikal pou pwochen 24 èdtan yo.

APRE SIKLÒN

- Suiv enstriksyon ofisyèl sekirite piblik yo.
- Rele 9-1-1 pou rapòte ka ijans (ki gen ladann liy elektrik ki tonbe yo ak fwit gaz).
- Rete deyò nan batiman ki domaje.
- Pwoteje tèt ou pandan w ap netwaye ak gan ak bòt.
- Dezenfekte nenpòt bagay ki mouye.
- Jete manje ki gate.
- Fè foto domaj yo epi kontakte founisè asirans ou an.

Rele 3-1-1

Sèvis Vil la

Rele 2-1-1

Sèvis Eta a

Rele 9-8-8

Sipò Emosyonèl

